

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGNIPOEN LENGGANAN
SWARA-TAMA:
 1 taoen f 6,—
 1/2 " f 3,— } njoewoen ka-
 3 woelan f 1,50 } bajar roemijin.
 Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE:
 1 katja f 36,—
 1/2 " f 18,65,
 1/4 " f 9,75,
 1/8 " f 5,25.
 Saladjengipoen: saben 1 cm² . . . f 0,03;
 sekedik - kedikipoen: f 1,50.

Kabar premiji alit-alitan: f 1.—
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
 Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

Ing dinten riadi Wijosan Dalem poenika kita ngatoeraken temboeng pamoedji kasoegengan doemateng para mitranipoen „Swara-Tama“: moegi Kèresmis poenapa déné taoen énggal 1932 poenika noeroena barkah!

Red. - Adm. Swara-Tama.

RIJAJA WIJOSAN DALEM SANG KRISTOES, RATEO-NING KATENTREMAN.

Nalika djamanipoen Sang Maharadja Praboe Caesar Augustus (30 v. Chr. — 14 v. Chr.) koentjaraning kradjan Roem saweg ageng-agengipoen, djadjahanoen doemoegi ing poendi-poendi, ngantos kénging binasakaken bilih sadjadag sampoen soejojod saha kabawah ing Roem. Soewaoe Kradjan Roem tansah mbi dalaken wadyabala dateng poendi-poendi, tinindihan sénapati peng-nahan, perloe neneloekaken tanah-tanah ing sakiwa-tengenipoen saganten-Tengah, nang inggih boten kirang ingkang bidal mangaler nelokaken tanah Djerman saantéronipoen saha inggih wonten ingkang mangétan damel geteripoen kradjan alit-alit ing boewana Asiah ingkang sisih kilèn. Anggènipoen andon perang kradjan Roem wonten ing poendi kémawon tansah oenggeel djoeritipoen, déné ing sapoenikanipoen sareng Sang Augustus sampoen djoemeneng Maharadja ladjeng namoeng kanton tentremipoen. Para bangsa boten wonten ingkang sami peperangan, kados-kados sami ngadjeng-adjeng sanget dateng rawoeh dalem Sang Pamarta Paneboesing djagad. Para bangsa lan kradjan-kradjan kèndel anggènipoen sami pradondi rebat oenggeel, kados-kados saking koemedah-kehadipoen tjaoes oermat dateng ingkang badé rawoeh. Tentreming djagad ing djaman samanten sadjak daja kakersakaken dateng Ingkang Maha-loehoer, minangka sasmita bilih Poetra dalem ingkang badé rawoeh wonten ing donja poenika boten ngemoengaken badé djoemeneng Ratoening katentremen, nanging oegi badé maringi katentremen dateng manoenngsa. Amargi doemoegi samanten manoenngsa poenika dados mengsah saha kilip dalem Ingkang Moerbèng alam, awit ingkang dados tetalering manoenngsa ing kawitanipoen sampoen kamipoeroen nggega kadjengipoen pijambak mbéléla ing Goesti Pangéranan, wasana sa-toeroen-toeroenipoen sinébrataken, kontjatan sihing Goesti, pating biloeloeng ngambah marginipoen pijambak-pijambak, ingkang poengkasanipoen andjog ing telenging sangsara langgeng.

Rawoeh dalem Sang Pamarta boten sanès amoeng perloe nger-sakaken wangsoeling katentremen waoe wonten ngalam donja srana damel poelihing Sihipoen Goesti dateng kawoela. Rawoeh dalem wonten ing ngriki perloe djoemeneng sesoelihing manoenngsa napak asmané bedaming toemitah ingkang kondjoek Pangéran. Rawoeh dalem wonten ing donja inggih perloe paring tentrem saha ajeming manah dateng saben tijang.

Mijos dalem Sang paneboes ing wantji daloe, sepi njanjet. Toer gèk wonten ing kanding tanpa aling-aling angin semribit mlebet, déné ingkang nengani namoeng Santo Joesoep kalijan ingkang lboe. Tijang sadjadag boten wonten ingkang njana bilih ing daloe poenika Poetra dalem Ingkang Maha-agoeng, Sang Paneboes, Ratoening toemitah tedak wonten ing ngalam donja. Tijang sadjadag sami ajem kémawon dalasan tijang Jahoedi, bangsa pepilihan Dalem, ingkang dateng piwetjanipoen para raos-roemaos jèn ing ngalam dalem ingkang saé keka-

Ingkang Maha-loehoer bilih rawoeh dalem Sang Paneboes wonten ing donja badé kaondangaken dateng manoenngsa soepados sami soedjoed saha ngabektija Sang Timoer saha nekšenana Ratoening djagad mila pantjen sampoen rawoeh.

Ing ara-ara ing sakiwa-tengenipoen Bètlekèk katah tijang angèn ingkang saweg ndjagi radja kajanipoen, sami gegrombolan ngadep bedijang amargi asrepipoen sanget, bok manawi tjingak déné ing daloe poenika padangipoen béda kalijan adat saben, soroting remboelan manter akintjlong, regemenging goemoek-goemoek ketingal tjeta wéla-wéla saking katebihan. Nanging para pangèn waoe doemadakan malih dados adrih lan giris, amargi kagèt soemerep wewernèn ingkang saklangkoeng angébat-ébatoken: Bjar soenaring Malaékat oetoesaning Pangéran, djoemeneng wonten ing sangadjengipoen tetijang waoe sarwi paring pangandika: „Adja pada wedi, wroehanira sira soen wartani kaboengahan gedé, jèn ing bengi iki oega Sang Djoeroe Slamet ija ikeo Sang Kristoes, woes mijos ana ing negarané Dawoed. Déné kang minangka tandané: sira bakal weroeh Djabang Baji ginedong soemèlèh ana ing pamakanan.“ Sanalika poenika oegi ladjeng wonten Malaékat pinten-pinten ngrerépi ngloeraken Asmaning Pangéran: Gloria in exelsis Deo, et in terra pax hominibus bonae voluntatis—linoehoerna Allah ing ngaloehoer lan ing donja katentremen marang wong betjik karepé. (Luc. 119—14). Kados makaten oengeling rerepènipoen Malaékat oetoesan dalem, ing daloe wijosan dalem Sang Paneboes. Gloria in exelsis Deo, et in terra pax hominibus. Roemijinoen Malaékat-Malaékat waoe asoeng pamoeedji dateng Ingkang Maha-loehoer ladjeng sinambetan poenapa ingkang kaparingaken dateng manoenngsa ing daloe waoe, inggih poenika pax, katentremen saha karahajon. Sang Timoer dèrèng saged ngendika, dèrèng saged paring piwoelang katah-katah dateng kawoela dalem, nanging soepados tetijang sami soemerepa bilih rawoeh dalem poenika mila kersa maringaken katentremen dateng soktijanga, mila ladjeng oetoesan gandèk dalem kadawoehan angondangaken bil h margi mijos dalem waoe, tetijang saged tampi karahajon. Manifest dalem ingkang sapisanan ngemot katentremen, terang bilih Sang Pamarta mila ngerakaken djoemeneng Ratoening katentremen wonten ing donja ngriki.

Manifest dalem waoe pantes winaspadakaken! Sang Timoer badé karsa djoemeneng Ratoe katentremen, badé karsa asoeng katentremen dateng sok tijanga, lan ngadjeng-adjeng sanget, soepados sok tijanga ngraosaken katentremen waoe ngantos tandes. Éwasemanten Sang Timoer kagoengan pamoendoet. Lan pamoendoet poenika oegi kawrat ing manifest dalem.

Manifest dalem ngondang-ondangaken: „Pax“—katentremen!—La, poenika ingkang badé dipoenparingaken! Nanging manifest dalem ngondang-ondangaken oegi: „hominibus bonae voluntatis!“ — marang wong kang betjik atiné, kekarepané! — La poenika pamoendoetan dalem!

Dados boten saben tijang saged ngraosaken katentremen waoe. Na-

nggènipoen, badé saged ngraosaken peparing dalem waoe.

Bonae voluntatis — betjik atiné, kekarepané! Poenika ateges: ingkang kadjengipoen *tjotjog* kalijan karsanipoen Allah. Poenapa lan kados poendi ingkang dipoenkarsakaken ing Allah, inggih ndèrèk ngadjengi. Poeroen nampi poenapa ingkang dipoenparingaken, sarta poeroen njaosaken poenapa ingkang dipoenpoendoet. Poeroen nglampahi poenapa ingkang dados renaning panggalih dalem; lan njingki poenapa ingkang dados gerahing panggalih dalem.

La, tijang kados makaten poenika ingkang dipoenparingi katentremen; inggih tijang kados makaten poenika ingkang badé ngraosaken katentremen; lan saja *tjotjog* kadjengipoen kalijan karsanipoen Goesti Allah, saja tandes anggènipoen badé ngraosaken, lan saja panggah oegi.

Pax hominibus bonae voluntatis.— Katentremen ingkang kawrat ing manifest dalem boten kapradjang-djèkaken dateng tijang ingkang mboedjeng dateng kadjenganoen pijambak, ingkang noeroeti hawanepoenoenipoen, ingkang angkara moerka ngangsa-angsa.

Dados boten nggoemoenaken, manawi tijang kados makaten poenika boten angsal katentremen!

Nanging kita, tijang Katoelik, ingkang sampoen tinimbalan loemebet ing kraton katentremen, lan inggih sampoen kelampahan loemebet; mangga, sadèrèk Katoelik, mangga ing dinten Tingalan dalem poenika sami sesarengan sowan ing ngarsanipoen Sang Timoer, matoer noewoen, déné sampoen karsa nglebetaken ing kraton katentremen. Mangga sami nélakaken setya kita, badé tansah netepi pamoendoet dalem: bonae voluntatis. Lan ngèngeti kasèkèngan kita, mangga sami njenjoewoen, soepados langkoenglangkoeng ing dinten Tingalan dalem poenika karsa netepaken lan ngentjengaken manah kita, soepados tansaha djoedjoer lan boeroes. Mangga njenjoewoen oegi, soepados manifest dalem waoe énggal kawentara ing poendi-poendi kanti angsal damel. *St. Paul. Sectie.*

PRADJA RAHAJOE.

RADÈN MAS NATASOERATA.

Sagedagan poenika R. M. Natasoerata dados rembag. Ing *Sedyatama* lan ing *S.K.* katah karangan ingkang ngrembag pandjenenganipoen.

Tjopi, mangga ngriki inggih toemoet oedoe rembag sawatawis.

Bab badé rawoehipoen dateng tanah Djawi kados rembag ing *Sedyatama* koela boten oeroen pemanggih, awit wonten Nederland pandjenenganipoen kados saja mèmèng nampar tangoel politiké.

Roemijin R. M. Natasoerata namoeng kawentar babagan kasoestranipoen, djeboel sapoenika mèmèng politikéipoen.

Sinten njana!
 Mila makaten.

Pandoming gesang poenika mingeripoen terkadang boten *kasedja* déning ingkang ngawaki.

Sapoenika R. M. Natasoerata ngrantjog ngèlmoe politiké *Aristo-Democratie*.

Wosipoen: politiké ingkang boten njoepèkaken bangsa darah lan kaoem krama, sarta katoemrapaken dateng Indonésia lan Nederland *sareng*.

Dados R. M. Natasoerata meleng kempaling Indonésia-Nederland. Mila parténipoen nama: *Nederlandsch-Indonesisch Verbond*, katjekak N.I.V.

Wonten ing parté ngrikoe R. M. Natasoerata dados moeda - pangarsa.

Ing salah-satoenggiling boekoe karanganing R. M. Natasoerata koela sampoen naté maos, ingkang soe-

raosipoen kénging katampi makaten: oepama sedyakoe manoenngalaké Indonésia karo Nederland iki ora dadi, pangarep-arepkoe moega sarana tandangkoe iki bésoek pisahé Nederland saka Indonésia adja *pisah lara*.

Dados ing salebeting meleng ngemoeli Indonésia kalijan Nederland srana kemoel aristo-democratie, oegi kagoengan panjipta: bisa oega bésoek Nederland karo Indonésia koe-wi *kepeksa* pisah

Dados pisahing Indonésia kalijan Nederland poenika inggih meksa *boten sepi* ing sanoebaring politikoes énggal poenika, ingkang tindakipoen sanget aloes, nanging ndasar lan inggih saged njlekit.

Anggènipoen kala-kala saged njlekit waoe mbokmanawi kerep dipoenwarahi njlekit.

Kados ing S. K. sampoen kaseboetaken, R. M. Natasoerata asring kaparaban: overlooper, verzen makende nietsut lss.

Hara, rak memelas.

Mangka manoenng ingkang kasboet ing *Sedyatama* (metik kidoengan Natasoeratan), pandjenenganipoen kangen dateng noeswa lan pagoejoeban Djawi.

Ing salebeting boesana Kilènan, moestikaningke-Djawèn manter wonten saliranipoen R. M. Natasoerata.

Pangrembagipoen prakawis politiké adjeg landasan ngèlmoe tatanan pangrèh lan kawontenan *Djawi*.

Isining kidoenganipoen adjeg kawontenan pradja lan raos *Djawi*!

Mila tijang Welandi wonten ingkang nganggé temboeng *onhollandische schoonheid* kanggé njeboet kidoenganipoen R. M. Natasoerata.

Wonten ing djaman politiké R. M. Natasoerata *ngidjèni* bab aloesing basanipoen.

Ngrikoe katingal bilih R. M. Natasoerata ngéman kedradjadanipoen, boten katoet kebrongot ing hardaning hawa nepsoe.

Awit katah - katingal tijang, margi kabekta saking serenging karsa, bab pangangénging temboeng asring langkah saking wates kaaloesan.

Manawi tijang maos boekoe lan brochure karanganipoen R. M. Natasoerata ingkang medal taoen 1931 poenika, kraos, bilih R. M. Natasoerata mbélani sanget dateng kaoem kadradjadan, tegesipoen bangsa darah loehoer Djawi, ingkang pangoe-waosipoen tjoentel déning tatanan ingkang kaetjakaken pamaréntah Walandi.

Mèh sadaja politikoes Indonésia sapoenika, lan mbokmanawi mila sadaja, rainipoen namoeng toemoelih dateng kakang krama, ananging R. M. Natasoerata *émoet* dateng bagéan ingkang djaman sapoenika sami boten katolih waoe. Dados: timbang.

Menawi tijang ndjlimet nilingaken swara ingkang kakandoet ing boekoe - boekoe wedalan Natasoeratan, ladjeng nolèh ngegaraken mripat ningali ingkang goemelar sapoenika, liripoen kados poendi kawontenan papréntahan ing sapoenika, elo, djeboel oesap - oesapan kémawon, mèh sami.

Poenapa swara Natasoeratan njata ampoeh wonten Ngatasangin?
 Poenika njoemangakaken kémawon.
Ronggasowita.

Soesoelan: boekoe-boekoe karanganipoen R. M. Natasoerata ingkang sami medal taoen 1931, ingkang sadaja sami ngrembag prakawis politiké, prajogi sanget sami kaodanèn déning para ngoedi kawontenan politiké Indonésia, awit *analyse* ingkang kakan-doet boekoe waoe pang-pengan lan terang. Dados koela boten *aanbevelen* (mrajogèkaken) ngèlmoeipoen boekoe - boekoe waoe, i. p. ngèlmoe aristo-democratie, nanging pangrembaging ngèlmoe waoe njampé kawontenan warni-narni sanget, ingkang pantes katjaret déning para namataken politiké Indonésia, kadosta: bab tjaling pangoe-waosipoen golongan darah bangsa loehoer ing tanah Djawi, bab rantjangan pamaréntahan ing tanah Djawi, lan sanès-sanèsipoen katah malih. R.

GOENTINGAN PERS.

Pamanggih ing ngatasing advertentie.

Ing *Aksi* wonten karangan ingkang ngrembag bab „Soerat kabar dan advertentie“.

Ing ngrikoe katawis jèn pamanggihing seraf kabar ing atasing advertentie poenika warni-warni.

Bintang Timoer dipoentakèni poenapa kénging nglebetaken advertentie ingkang nawèkaken bier, wangsoelanipoen:

Boleh, sebab hidroepnja koran pada waktue ini dari wang langganan dan advertentie.

Aksi wijanten:
Betoel hidroepnja soerat kabar dari wang abbonement dan advertentie, tetapi selectie haroes ada, toh!

„*Sedio Tomo*“ telah menolak advertentie obat koeat, sebab collega toean Dwidjaraja seorang santri. Kita jang boekan santri, soeka moeat advertentie obat koeat, asal perkataannja tidak menjolok mata (*„Mustika“ djoega moeat.*)

Advertentie fabriek bier, boleh.

Aksi ladjeng tjarijos jèn boten badé nampi satoenggiling advertentie ingkang sampoen katampi déning *Bintang Timoer*, sanadjan pembajar ipoen dipoentikeli sadasaning tarif.

Manawi ngèngeti poenapa ingkang dados toedjoenipoen seraf kabar, inggih poenika minangka obor oetawo pantoentoen, temtoe kémawon boten sadaja advertentie ladjeng kapatjak.

Serat kabar poenika kados déné obor, amadangi tijang ingkang ngambah ing pepeteng oetawi kados déné pantoentoen, anoetoen tijang dateng kaleresan. Dados tijang ingkang kirang seserepan, margi maos seraf kabar, mindak seserepanipoen.

Tijang goegon toehon, ladjeng mantoen goegon toehon. Tijang ingkang waoenipoen nindakaken patrapawon oepami: madat, saged mantoeni lsp.

Jèn poenika toedjoenipoen seraf kabar, temtoe kémawon klintoe patokanipoen *Bintang Timoer*, djer ingkang kanggé nomer satoenggiling namoeng jatra. Sarana (middel) la djeng kaanggep toedjoe (doel).

Aksi migoenakaken *selectie* poeni, leres, namoeng kémawon anggènipoen damel *selectie* (milih) kedah kanti i. p. ngèngeti toedjoening seraf kabar.

Aksi poeroen ngemot *advertentie bier*, poenika oegi leres, sarapoenika manawi ngekah i. p. ipoen boten santri, awit jèn dados santri Islam kénging tan boten kedah noelak advertentie waoe, djer inoeman keras ing golongan Islam dipoenawisi.

Poenapaa kénging matjak advertentie bier, anggoer lsp.? Djalaran poenika barang ingkang awonipoen namoeng manawi keladoek panganggènipoen. Manawi ingkang dipoenpikir ngemoengaken awonipoen, mangké ladjeng katah barang ingkang kedah kakatoetaken kadosta: pistolet dipoenanggé tijang awor kanggé memedjahi, ses moeroegake wontenipoen *nicotinevergiftig* ing lombok moeroegaken damel lei bèking padaran lsp.

Béda kalijan obat koeat. *Dwidjaraja* ing *Sedyatama* anggènipoen boten nampi *advertentie* obat koeat poenika pandoe, boten ngemoengaken margi satoenggiling nanging oegi margi ngèngeti djoening seraf kabar. Obat koeat poenika toedjoenipoen namoeng badé njoelajani dateng kasoesian, dados saking kawitan sampoen awon, béda kalijan bier, anggoer, pistolet lsp.

Leres sdr. *Dwidjaraja* anggènipoen noelak. Sanadjan tetemboenganoen boten saroe, nanging ingkang dipoenkadjengaken rak taksih barang awon.

Minangka pantoetoe, kita wewahi: ing prakawis karangan² oetawi pakabaran, seraf kabar wadji boten nampi karangan² oetawi pakabaran ingkang soelaja kalijan kasoesian, awit boten kirang² tijang ingkang ngertosipoen dateng piawon, margi maos seraf kabar (boten béda kalijan bioscoop) waoe sarta dipoentjakaken. Jèn makalad jeng itjal toedjoening

Ngatoeraken soegeng „KERSTMIS“ doemateng para sepoeh, kadang kawanoehan, mitra karoeh toewin para maos sadaja.

A. J. Siswasoebrata.

...gipioen sad. Kantjil no. 47 ingkang wosipoen ing Lourdes dados manipoen K.W. Bara. Réhning ...awis poenika mitoeroet pang...hypoien Rama Red. kirang perloe manawi kadjérénga, mila ing ngriki koela namoeng badé sambet paringipoen rembag Rama Red. bab ngempalaken jatra f 500 lan rembagipioen sad. Kantjil gandéngipioen lan K. W. Bara.

K. W. Bara pantjèn boten badé mênggèng ngedalaken tenaga amboedidaja sagedipioen kelampakan, namoeng kémawon inggih namoeng woedjoed baue soekoe lan réka sawontenipoen, djer nama Kalibawang poenika sampoen radi kawentar alias misoewer kekiran... foeloes, bab poenika para sadèrèk R. K. sanèsipoen sampoen dédè kabat énggal malih.

Sadjatosisipoen grija pasipangan Lourdes poenika inggih perloe kadedegakan, awit sad. R. K. ingkang sami soedjarah mrikoe kapétang radi loemajan malah kènging kawastanan kerep wonten. Toemrap sad. tebih-tebih pantjèn perloe sanget mawi kèndel sawatawis dangoe ngiras ngengingaken, panggali miksani sesawangan ing ngredi, minangka pangénggar - énggaring galib, djer anggènipoen keraja-raja mrikoe poenika nijatipoen soedjarah. Malah poenjanjerat pimbak jèn dong mrikoe mawi mrlökaken andomblé moelat ngiwa-nengen kanti seneng soemerep kawontenan ing ngrikoe, kadoskados nalika mantoek badé nilar manah ingkang sepalih. Toer panjerat pimbak klairan ngredi, agengipioen wonten ngredi, benoemipioen inggih wonten ngredi. Sapoenika manawi sad. ngaré oetawi kita ingkang soedjarah mrikoe temtoenipoen anggèné kèndel rak kepeksa radi dangoe, rak inggih ngaten ta boeng Kantjil!

Inggang poenika rembag saking K. W. Bara adapoer tjaloeloe, manawi sadèrèk-sadèrèk sami abetahaken, mangga sami dipoenajati, Bara oeroen baonipoen, ngiras tjaoe pakoermatan dateng Sang lboe Kenja.

Manawi para sadèrèk sami najogijani, K. W. Bara badé jasa comitè ngempalaken jatra, saking darmanipoen sadèrèk ingkang karsa lan K. W. sanèsipoen kasoewenan bantoe. Namoe ng semanten poenika rembagipioen:

Semplo K. W. er Bara.

FILM DJAKARTA.

(spesiaal stadsgezichten).

Bab kabesmèn sampoen koela atoeraken.

Bab Prijoek sampoen koela andaraken.

Poenapa ingkang koela atoeraken ng sapoenika?

Tjoni koela ngatoeraken „het Paas van de G. G.“

Dalemipoen G. G. wonten Djakarta samireng koela namoeng disenseboet makaten waue.

Dados déné Tom sampoen naté dateng paretatening para ing Maison Versteeg, Tom sampoen naté gredjengan kalijan soldaat ingkang djagi Astana. G. G. waue, margi Tom badé mlebet: boten angsal. Ing koran padintenan adjeg kasebobotakén: iederen 1sten en 3den Woensdag Schilderjen Tentoonstelling in het Paleis van den G. G., van 9 tot 12 v. m. toegaig wosteloes.

Kala samanten Tom nampi tamoe saking Bandjarmasin kalih, temtoe kémawon kapeksa ngoebeng - oebengaken, kadjawi dateng Prijoek, Pasar - Ikan iss. oegi dateng Schilderijen Tentoonstelling.

Astana G. G. poenika djenggeipoen wonten Dalem kalih: ing ngriki adjeng - adjengan kalijan Bara ageng Noordwijk kalijan ingkang margi Koningsplein Oost, kalih waue noenggil saèrep. ingkang Dalem, poendi ingkang pandapi, Tom boten ngertos.

Déné ingkang wonten damparan, sarta kamar sedijan nampi tamoe ageng - ageng toewin papan njimpen gambar-gambar para G. G. wiywit Pieter Both ngongkang margi Rijswijk, ingkang adatipoen boten kadjagi. Ingkang kadjagi soldaat ingkang ngongkang Koningsplein.

Tom kala samanten saking Koningsplein, toeroes ngantjik plataran, toeroes doemoegi iringing dalem. Soldadode ingkang djagi takèn: — maue lijat apa? — maue lijat gambar. — nggag ada gambar! — ah ada!

Tom moering, soldaat mentjeng. Tom tjrijos: toenggoe, saja ngri ketrangan doeloe. Ah, moesti kembalikan! — sarta: édan!

Tom takèn mandor, wangsoelanipoen: ah, sanal teroes sadjal! Tom ngingklik ngawé kantja Bandar kalih noedjoe dalem ing Rijswijk.

Soldaat mènèl kémawon. Ingrikoe Tom kepanggih djéndral Both, Mr. Fock, djéndral Daendels, van Diemen, sadajal.

Gambaripoen sadaja bregas. Wonten ingkang boten kados gambar, nanging kados makna saèstoe.

Batos koela: pira opahané nggambar sidji-sidjinél! Gambar ingkang lami katah ingkang kagambar ing paneel (blabag) boten doek.

Djam 11 koela sami nilar Astana G. G. kanti lega: saking saèning gambar, Tom asring kangen dateng gambar-gambar waue.

Sinten wonten Djakarta perloe soemerep gambar - gambar waue, langkoeng - langkoeng goeroe lan ahli gambar. Schilderij waue njata gambar saèstoe, boten namoeng orèk-orèkan: tapis, bregas, saé, sèmbada. Ngantos batoek ingkang meleng-meleng kados mendoekoel saèstoe, sareng katamataken saking ngandap: doek-ipoen oegi wradin boten mendoekoel.

Margi mripatipoen Tom mripat laré, soemerep bloedir ingkang goemebjar soemringah mbatos: koerang adjar,loediré bloedir temenan, tèmplèkan.

Sareng gambar kasawang saking ngandap leres, verticaal mendinggil, loemahing doek boten mbrendjoel sambobot.

Dados bloedir waue loegoe gambar, saking saènipoen ngantos kados bloedir saèstoe dipoentèmplèkan, kados damelanipoen laré fröbel.

Samanten kadigdajaning djoeroe gambar! Tom roemaos kapoesan, ngantos lingsem salebeting manah.

Dados manawi karsa pirsas gambar saèstoe mangga dateng Astana-G. G. pirsas poenika temtoe pirsas sadaja schilderij ladjeng ngendika: bah, bagor dilèlèti tjèll!

Mila prijantoen: Sala adiningrat wonten, Djokjadinigrat wonten. Nanging negari djempol namoeng: Djakarta!

Koela kerep mireng: wah goewa anoe medèni, pasar anoe ora prajoga toemrap para nom-noman. Nanging poenapa perloenipoen kita noewèni lan ngrembag barang ingkang boten saé toemrap kasoelisan? Katedraal adi loehoeng lan wingit, kedaton G. G. isi barang pèni lan adi, Wilhèlmina-park tamanan toemrap volk, kapal ageng-ageng ing Prijoek bati jèn tiningalan, aloening samodra ngrerontog manah, bibliothek kebak poestaka mawarni-warni, leeszaal sedija koran lan kalawarti pepak, sabab poenapa para moeda perloe ngrembag barang ingkang „njomelang!“

Bab kedaton G. G. doemoegi semanten.

Mangga sapoenika dateng Pasar-Baroe.

Prijantoen Sala temtoe pirsas redjani-pojoean.

Lah, Pasar-Baroe kalijan Tjojedan poenika bobotipoen sami: redja, saé, margi tjjoet, lan ... kebak toko Tienghoa.

Perloe poenapa dateng Pasar-Baroe? Perloe ngantosaken? Ah, temtoe boten. Dateng Tjo-Tek-Hong? mangga sakarsa. Mangga lo koela atoeri mirsani toko Europa, kasihanipoen para wanita, margi kebak sembagi saé-saé, toko mompijor, resik, saé, djembar, toer sadaja tamoe énggal-énggal kaladosan kanti oelat manis. Toko De Lux? idem. Toko Washington, Nam Bie, A. B. G. o, poenika sadaja kebak pirantos njerat. Kadjawi pirantos njerat toko tiga waue boten sadé.

Toko Exelcior?

Lah poenika prijantoen! De toko. Kekek boekoe lan kalawarti terasan, dipoen-impoteer pimbak saking Europa! woerdenboek, kalawarti lan boekoe ingkang atos-atos sedija.

Ngebon kalawarti wonten ngrikoe saged lan saged teroes tampi sanalika.

Tom toewi mrikoe adjeg katètl kantongipoen. Mentas kémawon koela mranggoeli seraf kabar Inggris ingkang dèrèng naté kepireng wonten pers kita, mangga sami dipoen-bijaki.

Serat kabar waue Tom manggih inggih wonten Exelcior.

Oemoeripoen sampoen lami sanget, awit lairipoen sampoen kala taon 1843! oplaag ... 3000.000! (é, Swara-Tama soek apa??)

Sanadjan seraf kabar waue lami sanget, nanging toemrap kita énggal, margi kita saweg mranggoeli sapoenika, namanipoen ... „News of the world“ ... kabar donja!

Inggang medal saban minggoe samedalan 16 katja, regi wonten London: 10 sèn Indonesia, wonten Exelcior 20 sèn. Manoet artikelipoen toewan Sa-

éroen wonten *Bintang Hindia* Adilfitri-nummer 1929, „News of world“ poenika klebet koran Inggris ingkang prakosa, lan ngangkatiipoen saking London dateng kita-kita sanèsipoen mawi montor maboer. Isinipoen pepak, angka satoenggal: politiek.

Ing nomer ingkang koela adèp ngrembag papréntahanipoen Mac Donald lan tradjanganipoen minister Snowden ing madyaning perang „pagemèn“.

Regi abonnement toemrap Indonésia mirah, awit 3 woelan namoeng f 2,50, toer saban medal 16 katja; agengipoen dlantjang sami kalijan *Locomotif*, dados klebet dlantjang ageng.

Prijantoen ingkang seneng maos lampah-lampahing politiek, *News of the world* pantes dados toentoenan; makaten oegi ingkang seneng muziek, awit saban medal temtoe nge-mot muziek jazz (saé? Red.) ingkang populair, djangkep mawi oekaraoekaraniipoen.

Mila basa mantja poenika prigèl goenanipoen. Kanggé ngindakaken seserepan poenapa kémawon loewesan, awit saged mboeka donja énggal ingkang soewaoe ketoetoep.

De Regisseur

(C. C. Djakarta) .Tom.

WOLAK - WALIKING DJAGAD, TIJANG TANI GONDÉLAN PATJOEL.

Sinten ingkang kadawahan lepat?

Djaman sapoenika poenika pantjèn djaman toetoeh - toetoehan, kadosta: Kapitalis sami sambat amargi kirang panamping arta, ing woessana noetoeh personeelipoen, inggih poenika ndakwa manawi kanti kagoem berah ingkang nelasnelasaken begrooting, mila ladjeng ngamoek poenggoeng njowokiblandja. Nanging kantja kagoem berah inggih boten kirang sebab anggènipoen badé noetoeh kalijan kapitalis inggih poenika ndakwa manawi kasangengeten anggènipoen mata doewiten.

Lan malih bangsa dagang sami mangkel toer mawi mrengoe oeta-

VAN LITH - STICHTING
Saban arta pandjennengan
100 SÈN
kapingna ingkang
1 SÈN
dateng V. L. S.
Penningmeester V. L. S.
2e. Convict
Moentilan N. I. S.

wi noetoeh dateng sipenoembas, amargi panganjanganipoen boten mèmper sareng. Inggang toembas inggih boten kèndel kémawon.

„Djaman mlèsèd djoelalandjangan mahal-mahal, apa sobat tiada ngerti, kalua kita poenja gadjih doeberang!“ wangsoelanipoen sipanoembas, manawi dipoenprengoe ingkang gadah toko.

Toekang blankon (ingkang wonten pesisiran) dipoen ongkosi kirang saking adat saban, boten karsa nampi, doepèh séwan grija dèrèng soeda, lan ingkang gadah grija taksih ajas-ajasan tampi arta kirang saking adat saban.

Bangsa administratie-nipoen seraf kabar sami ngandel oetawi nganggaken lettering advertentie, prakawis panariking arta lengganan. Déné ingkang sami ngersakaken dados lengganan kadang kala (dados boten sadaja) sampoen soemerep, toer sampoen dipoen waos, nanging poerak - poerak boten mangertos.

Bekel - bekel tampi doeka, amargi anggènipoen sami narik paos gemloewèh boten rampoeng-rampoeng.

Lah doemoegining ngendon doemawah dateng pak Krama ingkang saban dinten ngolak-alik boemi. Ing djaman samangké ingkang dipoenotèng - otèng boten sanès kadjawi namoeng kagoem Krama. Kados poendi ta anggènipoen boten dipoenotèng - otèng lawong medal djedole poen pangghikaken pak loerah nariki paos. Krenggosan doemoegi peken mbekta sadéan dipoen-damel dolanan bakoel oetawi djoeragan. Badé toembas rasoekan oetawi sindjang nganjang kesekediken dipoenèsemi alias dipoenétjé.

O, prijantoen tani kita njowoewen ingkang sabar manawi pandjengangan kènging ribed ingkang kados makaten poenika, déné panjowoewen kita sampoen ngantos pandjengangan sadaja kagoengan panggali bosen agondèlan patjoel oetawi boentoel loekoe pandjengangan. Bèndjing embèn-embèn bokmanawi katah ing-

kang sami examen oetawi magang nglebeti kados vak pandjengangan. Awit wonten oengel - oengelan „wolak-waliking djagad wong tani gondèlan patjoel.“ Enget prijantoen tani djamanipoen sampoen saèstoe molak - malik, manawi pandjengangan boten gondèlan patjoel badé gondèlan poenapa? Timoen Mas.

SEKOLAHAN.

MOTIE TJABANG P. G. H. B. KENDAL.

Ledenvergadering tjab. P. G. H. B. Kendal pada tanggal 6 December 1931, bertempat diroemah Habi-Projo Kendal.

mendengarkan: Pembijaraan akan hapoesnja sekolah klas II (volledigschool) diganti dengan banjaknja sekolah desa dan vervolgschool.

Menimbang bahwa: a. sekolah desa pada waktos ini pekerdjaan goeroe oemoemnja berat sebab mengadjar 3 klas goeroe satoe atau goeroe doea. b. peil pengadjaran klas I klas II klas III dari sekolah desa tidak dapat sama dengan klas I, II, III dari sekolah klas II (volledigschool) c. hapoesnja sekolah klas II sama sekali berarti menoreenkan pengadjaran bagi ra'iat jang hanya dapat bersekolah klas II. d. kalau hapoesnja sekolah klas II bermaksud akan memberi onderwijs kepada ra'iat agar menjadiklan hilangnja ra'iat jang boeta hoeroef, dirikanlah baik sekolah klas II maoepoen sekolah desa sehingga menjoe-koepi keboetoeahan ra'iat.

Memoetoes. a. Tidak moefakat sama sekali dengan hapoesnja sekolah klas II jang soedah ada. b. menjampaijan motie kepada V. B. P. G. H. B., agar berdjaja oepaja sehingga sekolah klas II tidak dihapoeskan. c. menjampaijan motie kepada pers.

Maos motie saking P. G. H. B. afd. Kendal, koela kepeksa prètèk takèn kados poendi badé kadadosanipoen pangadjaran ing tanah Indonesia, badé kados poendi pambiratipoen bangsa kita ingkang dèrèng sami mangertos pa pintjang oetawi alip békong, mbikaki kepèk - kepèk ingkang sampoen dangoe soemimpin. Wasana glètèk petitipoen:

1. Mitoeeroet pandjenganganipoen t. Dwidjoséwojo wonten ing Volksraad angka ingkang nedahaken kasagedanipoen Boemipoetra wonten 1/4% ingkang ngtaosaken pangadjaran andap ing sekolahan Walandi, 3 1/3% sekolah ing standaardschool 90% ing vakschool. Goenggoeng 13 1/2% dipoen-gampilaken wonten 13 1/2%. Mila sanadjan wekdal mleseg 13 1/2 waue dipoen-edakaken soepados dados 100%.

2. Manoet Pemimpin orgaan P.P. B. B. ingkang metik saking Italiaansche Aardrikskundig Genootschap, kawontenanipoen tijang ingkang boten saged maos njerat (boeta hoeroef): Finland 1%, Australia 4,3%, Amerika 6%, Tsjecho-Slowakije 7%, Belgie 8,3%, Frankrijk lan Canada 9,2%, Guatemala 8,8%, Mesir 9,1%, Hindija Inggris 92,8% Hindia Belanda 95,8%.

3. Réhné damel sekolahan poenika mbetahaken begrooting, ngandap poenika wonte begrooting kanggé taon 1932.

Algemeen bestuur	f 11.452.421
Binnenlandsch bestuur	f 24.929.750
Gedecentraliceerd bestuur	f 27.284.088
Inlandsch Zelfbesturen	f 3.026.889
Béja sanèsipoen ingkang gegandéngan kalijan bestuurher-vorm	f 2.333.638
Algemeen financieel beheer	f 3.655.568
Rechtswezen	f 7.093.930
Gevangeniswezen	f 5.311.610
Politie	f 23.717.674
Ongkos politieoneel lan justioneel	f 3.200.227
Repte lan aflossing	f 99.319.981
Belastingheffing	f 17.417.400
Blandja verlof lsp.	f 3.974.000
Pensioen lan (burgelijke landsdienaren)	f 35.606.104
Voorschotten van de bur-gelijke landsdienaren	f 443.840
Muntwezen	f 43.997
Credietwezen	f 15.520.400
Overtochtosten	f 52.024.850
Onderwijs	f 1.657.000
Eerdienest	f 17.462.390
Gezondheidsdienst	f 3.659.539
Landbouw, veeteelt lsp.	f 15.195.631
B. O. W.	f 1.487.800
Algemeene uitgave voor mijnbouw	f 1.040.900
Luchtvaart	f 64.032.300
Oorlog	f 28.778.710
Marine pensioen en afdeeling wadya bala daratan oorlog-marine	f 9.682.795
Scheepvaart	f 2.136.200
Marine etablissement en magazijnen	f 4.267.168
Andere zuivere gewone landsuitgave	f 11.246.934
Potongan gadjih	f 507.504.592

Mangga koela atoeni nanding sapinten ingkang kanggé onderwijs lan sapinten ingkang toemandja sadjan peprangan, oetawi sapinten bebahanipoen Dep. Onderwijs lan Dep. Marine lan Oorlog. Inggang toemandja onderwijs boenderipoen wonten f 54.000.000 (54 mljioen) déné ingkang kanggé wadya bala boenderipoen wonten 130 mljoen. Mitoeeroet tjatjah djiwa taon 1930 bangsa Indonesia wonten 59.143.775 bangsa Europa 242.372. Tiong Hoa 1.233.856. Asing Timoer 111.022. Dados tanah Indonésier djiwanipoen goenggoeng keprouk 60.731.025 of 60 mljoen. Dados manawi kapétang djiwa 1 ing setaon boten wonten pengaos f 1,— anggènipoen ng-

Kaoem djoeragan lan kaoem berah toemoet njaèkaken gesang kekantjan.

Kangdjeng Santo Bapa (Leo XIII) nerangaken, bilih kaoem djoeragan sarta kaoem berah pijambak saged ngréntjangi njaèkaken gesang kekantjan sarana ngwontenaken jejasan ingkang ndjalari tijang ingkang katjengkangan angsal pitoeloengan ing sapantesipoen sarta ingkang oegi ndjalari golongan ingkang sa-toenggal (kaoem berah) tjelak kalijan golongan satoenggalipoen (kaoem djoeragan).

Pakempalan kadamel nomer satoenggal.

Jejasan - jejasan waue manoe pamangghiipoen (Leo XIII) ingkang kadamel nomer satoenggal inggih poenika pakempalan, ingkang njakoep kaoem berah tok oetawi kaoem berah kalijan djoeraganipoen. K. Santo Bapa ngantos pandjeng anggènipoen ndjlètrèhaken bab pakempalan poenika sarta mirajogekaken wontenipoen. Kanti kawitjaksanan anggènipoen nerangaken poenapa ingkang nama pakempalan sarta poenapa sababipoen kedah wonten, poenapa wewenang lan kawadjanipoen toewin wewaton poendi ingkang kedah dipoenggèl.

Katah ingkang dèrèng ngroedjoe.

Nawala poenika (Encycloek Rerum Novarum) medalipoen kaleresan sanget. Djer ing sawenèhing pradja kala djaman samanten ingkang ngemoedèni, kabekta saking sampoen kaprabawan ing ngèlmoe liberalisme, sami boten mateok dateng wontenipoen pakempalanan kaoem berah, malah wonten ingkang nemengsahan ngantos katingal ing laé.

Dasaran tijang Katoelik wonten ingkang gadah sangga roenggi soemerep kaoem berah ngréka daja badé ngedegaken pakempalan kados makaten, panganggepipoen: poenika mantjoengoleng watak sosialis oetawi watak kraman.

(Ecycliek Quadragesimo anno).

njami onderwijs, 8 ketip kémawon boten.

—o—

4. Wangsoel dateng soewakipoen sekolahan angka II. Sareng mireng motie Kendal mekaten, kepeksa koela nilingaken swara-swara kados poendi kersanipoen ingkang wadjib. Djeboel wonten salah satoenggaling Schoolopziener ingkang nerangaken bilih kersanipoen negari badé minteraken rakjat, soepados tjatjahing tijang ingkang boeta hoeroef saja soeda. La andaranipoen mekaten:

Begrooting ingkang kanggé angka II poenika kadadosaken begrooting sekolahan doesoan lan vervolgschool. Manawi saged kalampahan angka II itjal, rak ladjeng saja katah sekolahan doesoan lan vervolgschool. Laré-laré doesoan ingkang kekirangan ragad saged sekolah wonten ing sekolahan doesoan, déné ingkang radi mampoe bèndjing saged neroesaken dateng vervolgschool. Sarta malih sekolahan doesoan bèndjing doemoegi klas IV déné vervolgschool tjalonipoen maoedjoed klas V lan klas VI.

Keparenga koela ontjèki keterangan nginggil poenika. Prakawis ragadipoen sekolahan doesoan lan vervolgschool temtoe langkoeng mirah tinimbang lan sekolahan angka II. Saweg ningali blandja goeroenipoen kémawon sampoen tjeta katah ingkang angka II. Tjontu angka II doemoegi klas V klasipoen wonten 5. Poenika blandjanipoen kanggé goeroe pisten, apesipoen jèn wedalan Normaalschool sampoen f 40,— ladjeng kepala manawisaking Kweek-school langkoeng saking f 150,— kangging koela ratjak 5 klas waue kéng-gé blandja goeroe f 70x5 = f 350. Sareng mawi vervolgschool lan sekolahan doesoan blandja goeroe boten ngantos nelasaken f 350,— Djalaran klas I, II, III. kawoelang kantja goeroe doesoan. Sarta malih koela atoeri enget, limrahipoen sekolahan doesoan klas I klas II lan III goeng-goeng tigang klas, poenika namoeng kawoelang ing goeroe 2. Pirantos sekolahan doesoan boten mepaki kados ing sekolahan angka II. Mila boten maiben manawi begrooting angka kalih sa Indonesia jèn kaedjoer kanggé damel sekolahan doesoan lan vervolgschool tjatjahing sekolahan ladjeng saged mindak. Déné bab andap inggiling pengadjaran sekolahan angka II oemoemipoen langkoeng andap oetawi langkoeng inggil manawi katandjeng kalijan pamoelang doesoan plus vervolgschool koela atoeraken ngriki.

Poenapa ingkang sampoen tjepak? Poepoeting taoen? Gantosing taoen? Datenging taoen énggal?

Inggih! Poenika inggih sampoen tjepak!

Amila, kanggé netepi tata-krama, toer boten langkah watesing „WATJANA MANÉKA WARNA”, djer poenika ateges: rembag warni-warni,

amila doemateng sadaja kémawon, ingkang soedi maos oetawi mirengaken kodjah koela wonten ing koleman „WATJANA MANÉKA WARNA” ngriki, koela ngatoeraken pamoedji: moegi TAOEN ÉNGGAL poenika datengipoen angrenggijek ambekta angsal-angsal barkah saking Pangéran! lan moegi Sang Timoer — sapoenika rak mangsa Keresmita! — karsaa mèsèm dateng ing pandjenengan sadaja!

**

Neroesaken rembag!

Poenapa malih ingkang sampoen tjepak?

Koela poeroen toh-tohan, jèn wonten ingkang sanalika ladjeng mangsoeli: „Sawatawis dinten engkas insinjoer Soekarna badé medal saking pretapanipoen Soekamiskin!”

Lan koela poeroen toh-tohan oegi, jèn ingkang mangsoeli kados makaten poenika boten sakedik tjatjahipoen!

Badé medalipoen Ir. Soekarna saking pakoendjaran Soekamiskin mila sampoen dados rembag!

„Goentingan Pers” Sw. Tm. emben poenika sampoen ngrembag sakedik bab anggenipoen badé medal.

Sapoenika wonten kabar, jèn insinjoer Soekarna pijambak mrajogékaken:

1. soepados tjang-tjang sampoen sami metoek dateng Soekamiskin.

2. Soepados arta-arti ingkang pantjngipoen badé kanggé wragad nampi pijambakipoen, katandjakna ingkang langkoeng moerakabi kémawon.

Sok tjanga mesti moepakat sanget dateng pamrajogi kalih warni poenika! Awit poenika rak nama ngingkiri ontran-ontran ingkang saged kalampahan, toer inggih boten perloe; lan ngertos dateng awising arta.

Lan bakda medalipoen inggih sampoen dados rembag.

Roemijin wonten reraosan, jèn bakda medal ladjeng badé dateng mantja, perloe ngasokaken salira. Makaten poenika, tjirosipoen, kénging kémawon; djer poenika boten nama ngloetjir!

Koela pijambak inggih boten badé ngalang-alangi!

Wonten ingkang gadah paneda, soepados Ir. Soekarna sampoen késah dateng ngamantja!

Déné kadjengipoen sampoen tjeta, i. p. soepados dados pemimpining rakjat malih.

Ing bab poenika Dr. Rivai ngoewoatasaken: „nek arep dadi volksleider menèh kaja bijen, ora woeroeng mesti bakal di-interneer. Awit Regeering mesti ora bakal dolanan karo wong sing wis katjelok staatsgevaarlijk.”

Koela kok ladjeng gadah pitakèn: 1. poenapa volksleider poenika kedah staatsgevaarlijk?

2. poenapa Ir. Soekarna boten saged nindakaken dados volksleider tanpa mawi staatsgevaarlijk?

Pamoedji koela — dados dédè pitoetoer, — moegi pitakèn nomer kalih poenika angsala wangsoelan: „Saged!” Lan malih moegi, manawi Ir. Soekarna jektos tetep dados volksleider, moegi poenika „saged” waoe sampoen namoeng tjontel wonten ing saged tok, nanging katingala ing gelar jekti!

**

Poendi malih ingkang sampoen tjepak?

Para lengganan, ingkang dèrèng, dipoenatoeri énggal ngintoenaken arta lengganan. Sadèrèng lan sasampoenipoen matoer noewoen.

Adm. Sw. Tm.

Para mendjoeroeng karangan, kita matoer noewoen. Ngentos roemijin! Jèn tanpa alangan, karangan badé medal. Sampoen dados penggalih.

Njela atoe. Jèn kintoen film, sampoen kenglantrahen!

Red. Sw. Tm.

Corrigenda: „Ngadjegaken economiening bangsa” ing Sw. Tm. No. 4 lan No. 49 poenika oerbet-oerbetanipun kawali.

Opmaker.

pra moeda sami, kang woes mandjing dados warga, diwanja datan sakedik, miwah kang sampoen diwas, ngolalh krida kang oetami.

Pra wreda sadanjipoen, ingkang samya aneksèni, maring lainja poen djabang, sanget anggenja prihatin, kadya badé anetaha, sageda énggal loemaris.

Lairnja M.K. kang sampoen, karja mongking sasami, K.W. lan Pangroekti W.K. toewin Coöperatie, S.H.B. toewin Glória, gadah P.P.K.D. sami.

Kagadag-dalag sang Bagoes, sa ingkang bèr boedi, oetami ing tinda ndjoendjeng dradjan tanah air, ngad trdjang dadasar, actie Katholiek moerni.

sama, doemateng pra pangasta verbruik; koela boten gadah njat makaten-makaten, namoeng nglairaken raosing manah babagan poenika! lan boten ateges boten toetjog; nanging 100% accoord, toemrapping papan ingkang kedah dipoenwonteni; toemrapping papan ingkang sampoen mirah, laras; saged madeg klajan saé sadèrèk memoedji.

Sampoen samanten kémawon.

Aksamanta. P. S. Mtl. J. Koes.

V A R I A.

BOTEN KATANGGEL REDACTIE, KRAOS KASRÈMPÈT

Noewoen, moerih sampoen damel klèntoe tampi, kapareng koela njaoasi atoe wangsoelan pangandikanipoen sadèrèk H.L., djer mitoeroet kagoenganipoen artikel vide Sw. Tm. no. 51, pandjenengan kirang damang dateng artosipoen semangat loerik ing wkdal samangké. Mila sagadoeg koela badé koela tjaoasi katrangan. Boektinipoen:

Liripoen, sampoen wiwit roemijin sanget moerid K.S. lan N.S. ing Moentilan enz. Malah bokmanawi wiwit K.S. djaman gangsalwelasan, moerid Moentilan sampoen nganggé loerik, ngantos sapriki H.I.K.-ers ing Moentilan naloerékaken padatan poenika.

Koela mlebet wonten ing Xaveriuscollege Moentilan tahoen 1918 ladjeng nilar college tahoen 1926. Sakésah koela saking college ladjeng njamboet damel wonten missieschool ressort ing Mataram tjaket Moentilan. Saking ressort Mataram ladjeng dateng ressort Klatèn, saking Klatèn, kadawoehan ndèrèk ressort Semarang ing tanggal 6 Maart 1930.

Dados nitik dangoe koela wonten Moentilan lan kerep saba ing Moentilan, kados-kados manawi kawontenaning Moentilan kémawon inggih nama mangertos.

Koela pijambak ngakeni nalika sinaoe wonten ing Moentilan, sampoen dipoenangeni loerik. Kala wonten ing Moentilan djaman klas I lan klas II loerik ingkang kaparingaken koela sakantja loerik made in Europa, ladjeng bakda loerik made in Japan, kita oegi nampi loerik made in Japan (kain Djepang). Koela pijambak ngakeni sadjatosipoen prakawis loerik jèn ing Mataram lan Soerakarta saja manawi dateng padoesoenan minggahipoen dateng tanah padèren, poenika sanès barang énggal.

Kados poendi kersanipoen semangat loerik ing djaman samangké?

Menggah maksoedipoen manganggé loerik ing djaman sapoenika boten sanès namoeng badé ndandosi ekonomi kita, ngadjegaken lan madjengaken Swadhesi tjara Mr. Sartono, oetawi ngadjegaken ketel nasional tjara Bintang Timoer. Loerik ing Moentilan djaman koela toemoet ngalami tjeta poenika made in Asing, dados sanes made in Swadhesi. Poenapa siswa P.A.M.S. ing Moentilan boten nganggé loerik made in Swadhesi? Nganggé sokoe. Kosok wangsoelipoen poenapa boten nganggé kain made in Asing, inggih nganggé. Dados badé nglenggahi 100% pantjèn boten saged.

Nganggé Swadhesi lan loerikan kedah mawi boedi. Kala tanggal 27 November 1931 bestuurvergadering coöperatie ing padoesoenan koela mentas ramé ngrembag bab loerik. Kita manawi badé njadè oetawi kilak loerik poenapa kénging satjandak-satjandakipoen? Poenapa waton mirah ladjeng katoembas kaborong?

Wontenipoen bab poenika dados rembag, djer coöperatie nggadahi antjas toemoet nata ekonominipoen pijambak ingkang sampoen korat-karit. Manawi kita madjengaken loerik saking kita orang pijambak poenika bebanten ladjeng saged mlebet ing kantongipoen bangsa kita pijambak. Namoeng bangsa Asing ingkang gadah kapitaal rowa, mangertos bilih kita orang ngadjeni loerik made in swadhesi, ladjeng mawi toepèng bangsa kita pijambak, sarana mawiti arta oetawi noembasaken pirantos, perloenipoen artanipoen ladjeng saged manak, dados bangsa kita waoe nama tetep pirantos kémawon. Lo manawi tjeta wonten akal makaten kita orang kedah dèn awas, akal poenika kedah kita boetjal, lan sadèrèk waoe kedah kita tarik saking kita, sarana dajaning coöperatie.

Boektinipoen: papan padoesoenan koela bakoel-bakoel alit-alit poenika sami katèda ing lintah darat oepami njamboet f 10,— poenika pradjandjianipoen lintah darat trimah neda kasoentengan ing sadinteni f 0,10 (sedasa sèn), sambotan boten badé absah manawi pokok f 10,— dèrèng wangsoel kropsok. Coöperatie papan koela ladjeng nandang ing sagadoegipoen. Manawi wonten bakoel njamboet f 10,— bakoel kadjibah ing sadinteni f 0,10 mbajar dateng Coöperatie. Botipoen kadamel 6 woelan oetawi 180 dinten. Dados pétanganipoen bakoel mbajar f 0,10 x 180 = 180 ketip oetawi f 18,— (woeloelas roepijah). Art f 18,— waoe sasampoenipoen kapendèt babon f 10, lan ragad sanès-sanèsipoen f 2, tirahanipoen wangsoel dateng bakoel. Dados ing dalem 6 woelan bakoel gadah tjelèng f 18-10=f 2, alias f 6.— Mila coöperatie manawi mangertos sadèrèk dados pirantos lan tedaning lintah darat ing sagadoegipoen kedah dipentoeloeni.

Pramila sadèrèk H.L. sanadjan loerik, kedah ningali loerikipoen made in poendi lan sapa poenja boetan. Boten perloe dipoenapandjangan, antjasipoen swadhesi ndandosi ékonomi, arta kita kedah medal, migoenani, toemandja dateng kita orang sendiri. Kirang tjeta ngéman papan ing Swara Tama sadèrèk H.L. kénging lelawanan serat dateng koela, moempoeng sapoenika koela tjaket Mr. Indoesier ingkang kersa mitoeloeni manawi koela soewoeni pirsira bab ingkang magepokan lan kapuloenan oemoem.

Ngidaki stelsel swadhesi kedah mitoeroet boedi leres lan waras! Oepami kita badé nganggé loerik-loerikan ladjeng moeltali oetawi mbesmi panganggé ingkang made in Asing oepami: palmbeaht, gabardiene, ladjeng dipoentjoeri benzin, kados nembè poenika wonten bangsa Asing ingkang mbesmi motoripoen Fiat, doepeh poenika barang made in Italia. Dados manawi sampoen boten kersa nganggé ladjeng dipoenang ngdjamoe poenika inggih boten mangertos memperbaiki ékonomie. Déné manawi artanipoen pijambak sampoen tirah kénging katandjakaken ingkang mikantoeki kaperloenan oemoem. Doepeh soepados dipoenwastani nglenggahi swadhesi totok késah saking Klatèn dateng Sala boten kersa noempak sepoer oetawi bus dilampoe noempak grobak poenika oegi boten nama mangertos maksoedipoen swadhesi.

Soerjasoemirat.

LAIRIPOEN MOEDA KATHOLIKE SEMARANG RIKALA 13 DEC. 1931.

Kanti soekaning tyas oeloen, mjarsa M. K. temtoe lair, wonten Semarang kitanja, lema seger badaneki, soemoroet kang wadanjanja, lir soerja kang nembè prapi.

Kang dadya tanda sadaroem, ngèngneti

nootschap, tanah Indonesia sadèrèk ingkang taksih boeta hoeroef wonten 95,8% dados ingkang sampoen saged maos lan njerat saweg wonten 4,2% gampilipoen 5% mila pakempalan ingkang sami nengenaken damel cursus A.B.C. poenika wadajib katiroe, kabantoe. Saja pakempalan ingkang sami ngadjenaken pamoeangan oepami: Muhammadiyah, Taman Siswa, Zending, Missie poenika kedah kita bantoe, inggih ing sawoedjoedipoen, boten banda inggih tenaga.

Tjoewa sakedik déné kepèk koela ingkang ngewart verlag katahipoen sekolahan M.D. lan T.S. saweg ketlingsoet Saking sekolahan Missie sa Indonesia, inggih kotjar-katjir. ingkang taksih soemimpin namoeng sekolahan gadahanipoen para rama Jezuïeten.

Crediet coöperatie boten kètang alit-alitan toemindakipoen sadjak njenengaken; mrintis-mrintis ngatawisi badé soeober gesangipoen.

Namoeng verbruikcoöperatie, koela mireng-mirengaken oetawi inggih asring soemerep pijambak; katah ingkang ngalitaken manah, menggrak-menggrak gesangipoen, panjerat boten maiben djer verbruikcoöperatie poenika satoeng-giling prakawis angèl, lan sadjakipoen katah gegoetanipoen kalijan bab dagang; mangka kita roemaos 99% ingkang dèrèng mambet tak-tiekng dagang; Tijang bebakoelan poenika inggih betah tak-tiek boten ngmoengaken koelakan seméné koedoe didol seméné, bati seméné; dèrèng tjekaa, èntèngan, gapjak, soemèh oegi kedah gadah. Bangsa kita ratjakipoen wegahan, boten opènan, kadosdéné saopami daloe-daloe dipoengobjag tijang namoeng dipoentoembasi sasèn-kalih sèn, katah ingkang glendengan bengi-bengi ngobjag oewong, tetoe-koe ora mbedjadi; mae-mae napa. Poenika rak inggih ngapokaken tijang, njoeda lengganan; ing rikoe namoeng dateng tijang satoenggal, ning satoenggal waoe saged manak dados 3-4; nak-koemanak saged mbangkroetaken. Bèda kalijan bangsanipoen Tjong Hwa: sanadjan bengi-bengi digobjag moeng ditokoani sabribil pisan katah ingkang nglegakaken manah, njadèni kanti soemèh boten mawi èmbèl-èmbèl gemroemoeng.

	A. M. S. adf. B.	han	skola	gaoer	moerid	dialer	goeng
	Mulo	5	1	14	30	71	71
	H. L. S.	18	18	109	1152	479	541
	H. C. S.	2	2	9	224	3676	3676
	Schakelschool	2	2	10	131	140	140
	Standardschool	46	46	160	1727	256	7076
	Verspreidschool	21	21	41	358	947	1305
	Volkschool	156	156	218	1822	6832	8504
	Huisouderschool	2	2	1	6	65	65
	Amabachschool	1	1	1	3	106	106
	N. S. sctri	1	1	11	7	98	98
	N. S. dialer	1	1	7	10	224	224
	P. A. M. S.	1	1	1	1	224	224
	Froelkeweschool	1	1	5	106	106	106
	Cursus goeroe	1	1	1	1	188	188
	loesoen	9	9	20	32	220	220

Poenika verslag kala toetoeapan taoen 1930.

SOERJASOEMIRAT.

ÈKONOMI.

COÖPERATIE?

Obraaal; barang bak harga mahal. Oet klintoe, klintoe; barang baik harga moerab djeboel harga mahal; ora obral ané jèn harga mahal ki.

Kala wingi-wingi ingkang sering-sering migoenakaken temboeng obral poenika toko-toko ageng, manawi badé mekir daganganipoen ingkang sampoen lami boten padjeng, sarana kaedakaken reregènipoen soepados énggal telas, dados arta; kénging kanggé kilakan malih. Nanging sapoenika temboeng obral waoe mrèmèn mrika-mrika; kelan-toeripoen; poenapa² ingkang katingal toer mbroeboel kémawon ladjeng pikantoeq gelaran obral.

La sapoenika (taoen '30 — '31) saweg moe-bal-moe-balipoen C. coöperatie; ing kita-kita mèh saben kampoeng wonten plank (sanès balok) C. coöperatie; dalasan padoesoenan minggahipoen dateng plato oegi sampoen sering pinanggih merk coöperatie boten kètang alit-alitan, lo mijn heer, poenika oegi ladjeng wonten ingkang ndjoeloe ki obral coöperatie; saminipoen temboeng kongkirèn roemijin poenika; poenapa-poenapa kongkirèn, anoe kongkirèn.

Sanget ndadosaken mongkosing manah bilih coöperatie kita sampoen saged soemèbar mrika-mrika; mratjibhani bilih kita sampoen wiwit kagoegah saèstoe dateng raos kebangsan.

Mangga sadèrèk, poendi ingkang sakinten saged, énggal kaedegna, tjèkat-tjèket; bangsa kita sampoen dangoe anggènipoen megap-megap, kasingsetan ing djireting woeker; manawi boten kita pijambak ingkang njentosaken, ladjeng sinten??

Loemajan saèstoe, manawi satoenggal-toenggal grombolan saged ngedegaken crediet coöperatie; langkoeng bregas malih saopami saben doesoan (keloerahan) sampoen sami gadah piroekoenan bangsanipoen crediet coöperatie temtoenipoen mindring-mindringan woeker-woeker, lintah-lintah darat echt parasiet badé saja soeda, dangoe-dangoe saged itjal babar pisan. Amoeng sadjakipoen taksih angèl; tandanipoen nalika panjerat sakan-tja, adjak-adjak dateng pamonging rajat bijv. loerah-loerah sawatawis boten sami kersa ngamini; boten sagedipoen waoe kilap kanggé pangatos-atos; rehning babagan arta; (nek kapesan barang) oetawi manawi badé bawa pijambak kilaaap; nanging saopami badé ada-ada pijambak, (dak kerèh; roemangsane); kok isih anjap mawon.

Semanten rekaoespoen; saweg loerahipoen kémawon boten poeroen; poenapa malih koeli saindoeng-tèmpèlipoen; Moela-moela;

Ho Gja - Ho Gja taksih oentel-oentelan ngambah boeminiipoen; lawong kaja ngono; ah melaa!!!

Sampoen wantjnipoen lo mas loeraah, mangga woengoe woengoe sanadjan sawènèhing panggenan nanging rika-rika katoemaken moem...

Kanggé panoetoeeping atoe; panjerat njoewoen samodra pangak-

Verbruikcoöperatie; saking roemaos koela dèrèng patos perloe dipoenaja-aja:

1e. Ngèngneti prakawis-prakawis ing nginggil poenika waoe.

2e. Kedah*empan-papan, boten ladjeng regoedag-regoedoeg; ngri-ka ngedegaken, riki kedah ladjeng ngedegaken. sabaaar. Verbruikcoöperatie wosipoen soewaoe pados kamirahaning toembas kabegahan. Manawi papan rikoe sampoen mirah (oetawi sampoen moepakat.) sami kalijan reregèn ing sanès panggenan ingkang klebet mirah, roemaos koela sampoen boten patos perloe. Saja toemrapping papan ingkang tebih saking kita oepami 5 oetawi 10 palan; reregèn ngrikoeko sampoen laras kalijan reregèn kita, oetawi oepami mindaka sawatawis; kados sampoen samestiniipoen, ngèngneti anggènipoen kilakan oegi mawi wraquad sanès. Kadjawi manawi ladjeng boten moepakat reregènipoen, tjang-tjang temtoe langkoeng gampil panarikipoen; manawi boten; rekaos sanget kempalipoen ngèngneti boten pados perloe of boten betah.

Panjerat boten ateges ngalang-alangi; ngréaksèni bab adegipoen verbruikcoöperatie, babar pisan boten; rehning wosipoen verbruik sawaoe pados kamirahan; manawi sampoen mirah rak inggih sampoen ta, moendak ming tiwas kangèlan totok kémawon; kirang-kirang

Panjerat roedjoeok 100% acc; ngedegaken verbruikcoöperatie manawi reregèn papan ngrikoeko kasangeten. Kadjawi bangsa kaom blandjan; poenika ragi gampil saopami ngedegaken companjon toembas kabegahan kanggé sawoelan babar pisan; ing rikoe boten sisah mawi mbetahaken tak-tiek; gapjak soemèh, enz. kapranata giliran sampoen tjekap. Inggih kadawahanan oendi blandjan; ngiras plesir kagem pariasi; pendak pinton woelan sapisan manoeet katah-kediking warga; saja kagem bangsa Katholieken; sinambi; jèn pinoedjoe tindak Grèdja, pikantoe kalih-kalih.

Panjerat gadah andaran samanten waoe ngèngneti kawontenan sapoenika; kita katah ingkang dèrèng pikantoe didikan dagang; dados ngraos dèrèng mangsanipoen; margi kirang-kirang oebedipoen ingkang pinatah ngasta, saged djatoeh; telas, itjal pawitanipoen. Sawènèhing papan wonten ingkang sadjakipoen madjeng; rehning akoe wis doewé toko déwé, tetoeke koedoe ana ing tokoné déwé, sanadjan larang satitik. Ora dadi apa; wong ja doewèk-doeewèko déwé. Sadinten kalih dinten kijat dangoe-dangoe inggih mak sek. Wong djaré golèk kamoearahan djeboel malah larang. Boten maiben; sadinten kalih dinten; saged sandjang, koedoe ngedjoké; larang sitik ora dadi apa ning, dangoe-dangoe ladjeng kraos. Kados déné bab loerik (tenoenan) sanadjan para prijantoen; para ageng-ageng sampoen njontoni, oegi dèrèng saged mratah mrika-mrika, djaluran tijang-tijang taksih ngraos awis. Para ageng-ageng soegih arta balik sak kita?? Dados anggènipoen bangsa alit boten of dèrèng sami toembas, boten kok ngemohi „jajasané bangsané déwé,” oetawi boten saé; nanging gagajoen kalijan awisipoen.

Kanggé panoetoeeping atoe; panjerat njoewoen samodra pangak-

Kanggé panoetoeeping atoe; panjerat njoewoen samodra pangak-

v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG Teti. 252 Telr. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama

dapat POTONGAN.

A W A S ! A W A S ! !

Regi mirah ing ngandap poenika: Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa, kantoen ngoesaraken kémawon:

Table with 6 columns: Netto, sa-blæg, 10, 5, 2 1/2, 1, 1/2 kilo. Values: 6,-, 3,20, 1,75, 0,75, 0,40 roepijah.

Ijzermenie 85% iijzproxijde

Table with 6 columns: Netto, sa-blæg, 10, 5, 2 1/2, 1, 1/2 kilo. Values: 5,-, 2,70, 1,50, 0,65, 0,35 roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja. HÖEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN

TOKO MENANG

MADIOEN, SOLO en DJOKJA.

Selamanja sedia:

DRILL POETHI, DRILL KLEUR.

KAMHAR, LAKEN, TRICO.

TJITA - TJITA.

TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN.

RENDA-RENDA, MINJAK WANGI.

DASI, KRAAG, KOUSEN.

dan laen-laenja.

SEMUEA BARANG BIKINAN EUROPA.

TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan, wiwit sapoenika kita ngwontenaken persènan. Saben kantongang boeboek saking Djoen wonten COUPON MAWI REGI.

Srana nglempekaken kantongang dalasan couponipoen, para lengganan badé angsal pépénginanipoen. Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedija:


Table with 4 columns: Item, sa-pond, f 1,-, f 0.80, f 0.70. Items: JAVA KOFFIE No. 1, ROBUSTA, etc.

Tanggap tanpa ti mpoeeran.

Jèn badé njatakaken sadéringipoen kopi mlebet ing gilingan, kénging.

Atoer hoeremat,

Toko Djoen & Co.



Receipt

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda-speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poethi dan SIMPLEX TRANSFER, HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin. TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING. Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat mirjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER. Kalau maeu minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij: WIRJOSOESANA LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Minangka pantoetep atoer, hamba moeng arsa ngembali, ingkang dadya oesoelira, soedara Dwidja kakasih, anggènja soeng pamrajoga, mring M.K. kang lagja lair. Oegi pra moeda sadaroem, kang woes samija tata baris, sampoen akarya pitoena, maring pakempalan lami, kang sampoen samija angrebda, wonten Semarang Nagari. Hamba oegi asoeng pémoet, mring pra kadang M.K. sami, djaman malaise poenika, den waskita ngati-ati, tjetoel brana miwah na, engeta ing hari woeri. Satrija-ing ngandap tjemara Raden Larasmaja.

Indonesia Raja. Ingkang sesorah sdr. Thamrin. Praeadvies: Heerendienst (goeoger goe-noeng). Ingkang sesorah sdr. Mochtar lid Volksraad (Sarekat Soematra) sarta A. S. Pinontoan. (Perserikatan Celebes). Bakda poenika ladjeng ngwontenaken pappatan toetoeapan perloe ngwontenaken commissie - commissie gandeng kalijan wewangoenaning congres Indonesia Raja sarta nemtokaken-poetosan ingkang gandeng kalijan praeadvies goeoger goe-noeng. Ngahad 3 Djahoewari: djam 9 éndjing: parepatan blak-blakan. agenda: 1 Praeadvies: Brangoes pers lan awisan nglempekaken arta. Ingkang sesorah: Soekardja Wiripranata (Boedi Oetama).

Solo" katjepeng R. Ng. Djuwpradana lan M. Ng. Sastrasoedjaga lan tw. Tan Tjien Oh. Toedjoenipoen badé ngraketaken gandéngipoen bangsa Tionghoa lan Indonesiaer. Kabar slentingan kedjawi "Bintang Solo" inggih badé wonten koran malih, medalipoen béndjing woelan Januari. Wonten ingkang lair, nanging wonten ingkang badé kakoeboer oetai wapesipoen "semapoet" i.p. s.k. "Bendec" serat kabar Japan. MEDARI - SIEMAN.

OPERAP-SARI

INDONESIA.

Pangiridan.

Pensioen medak. Nagari sampoen voerstel ujoeja bhandjanipoen prijantoen ingkang sampoen pensioen katarhypoen 10 persen. Voerstel poenika sampoen dipoentjondongi Raad van Indië, dados ngalamat badé kalamphaan. (S.H.). Persekot. Prijantoen Goeperrmèn ingkang sampoen gadah sémah, kéngingipoen rjoe-woen persekot namoeng kalih bajaran, ingkang taksih lamban, namoeng sa-bajaran. (S.H.). Goeroe voorklas Mulo mlodot. Manoet pranatan ingkang badé kaetjakaken, voorklas Mulo boten kaewokaken Mulo, nanging pamoelangand andap Poenika andjalari goeroe voorklas Mulo ingkang angsal tambahan f 50, badé kétéjalan tambaham waoe. Ir. Soekarna.

Énggal poenika wonten koeli kontrakan A.V.R.O.S. wonten 931 sarta kontrakan D.P.V. wonten 680, dados goenggoeng 1661 (poenika kapétang tjang éstri lan laré) sami kawangsoelaken dateng tanah Djawi. Gek ingkang tjalon dipoentfeda poenapa kémawon? Wonten kabar: kebon Sawit katoeotep. Koeli 2000 sami dipoenkèndeli. Maskapoé H.V.A. trijos, jèn kabikak malih, koeli-koeli badé kénging mlebet. Nanging béndjing poenapa? Dame! kapal perang kasandékna. Manoet Aneta 17 December, para Gedelegeerden sampoen sami kempalan sarta mangsoeli motie bab kruiser (kapal perang) nomer tiga, mawi katranggan, bilih pamedalipoen Indonesia ingkang taoen 1932 poenika katarsir namoeng 300 joeta roepijah, mangka jatra ingkang dipoenanggé saged oegi 400 oetawi 480 joeta roepijah, dados kirangipoen kinten-kinten 180 joeta roepijah. Toewan Kan pitaken poenapa Pamréntah saged njoeani katranggan ing bab poenika langkoeng tesih. Toewan Kan ngentekaken jèn samangké ing poendi-poendi wonten protès déné blandija sami kaedakaken, mila saking pamanggihipoen: gegajoeatan kalijan prakawis poenika, pandamelipoen kapal perang boten saged katindakaken. Satoes taoenanipoen Adikarta.

Saking Djarwa: Ingkang roemijin, koela manoe noewoen dateng kadang Makna (Sw. Tm. no. 50) ingkang sampoen maring katarangan menggahing sesambetanipoen sadérék Katoeilik Medari kalijan serat kabar kita. Mangga sapoenika ngidjengaken nganglang Medari — Sieman. Dwidja Swara. Ingkang sampoen medal wonten Swara Tama no. 49. Koela sampoen angsal katranggan saking pangrehipoen, bilih D.S. njata jasmanipoen K.W. ing Medari, prakawis poenika mratandani jèn K.W. Medari, tanggap dateng ébanging djaman. D.S. koela atoeraken jèn sampoen gadah pamoelangand doesoer kalih, poenika lepat, leresipoen D.S. mbantoe adegipoen pamoelangand Doesoer kalih, boten sarana banda, nanging sarana tenaga lan rembag, kadosta: njitjaraken wontening moerid lsp. Nanging D.S. oegi mbantoe adeging H.I.S. Trijasa ing Medari srana banda lan tenaga ing sakijat-kiatipoen. mbrekahi Kapèling Doewet (Beran) oegi sampoen éstoe kélémpahan kala 8 Dec. (kaleres pangngent-tngét Iboe Dewi Marjah pinoebera moeloes tanpa tjiri). Anggènipoen mberkahi kirang langkoeng djam 8 éndjing. Déné ingkang mberkahi, pandienengnipoen nama Strater. Para tetjang ingkang ndérek saos koerban Mis, boten kirang saking 300 djawi. Bibar Mis Soetji laré-laré toeroes bibaran mantoek sowang-sowang. Déné para sadérék sepoe katab ingkang ladjeng ngempal wonten panggénganipoen Djagabaja iug ngrikoe perloe pepanggihan lan rama Imam, ngiras ngoendjoek wédang lan dahar njamikan. Ing wewengkon Medari kidoel laré-laré lan tetjang sepoe djaler éstri, ingkang sami njoeuwen kababts katab sanget, nanging ingkang kaparengaken kirang langkoeng namoeng sawatawis sanèsipoen taksih dipoenamadasi satergah taoen malih, setaoten malih oetawi langkoeng. Laré-laré ingkang badé kababts boten namoeng ngéngeti adrenging laré lan katjekapaning seserepan agami, nanging perloe oegi angsal palilahing tjang sepohoipoen. Déné dawahing dinten babtsan béndjing dinten Noahad tanggal 28 December 1931. C.C.M. poenika poenapa? Roemijin Djarwa sampoen naté ngabaraken ing Sw. Tm. bilih K.W. Medari oegi gadah jejasan credit coöperatie ingkang oegi katjekak C.C.M. C.C.M. kala 9 Dec. '31 ngwontenaken parepatan taoenan. Doemoegi titi mangsa poenika oemoeripoen 10 woelan ngantiki, tiatjahing warga saweg 18, sampoen gadah andil 28 f 25 goenggoeng f 700 (pitoeng atoes roepijah) bebaiten bruto f 56.93. Déné bebaiten ingkang ageng kanggéngipoen para warga, anggènipoen sampoen saged wiwit ndandosi economie-ipoen lan saged ngentas sliranipoen saking djoegangang lindah darat. (ingkang waoenipoen klebet ing djoegangang). Ing salebeting 9 woelan sampoen saged mitoeloengi para warga srana njamboeti arta éstoe f 2 846.50 (Malah sadjawing para warga oegi saged angsal pitoeloengan para kamirahaning warga ingkang sami ambeg welas). Wiwit titi mangsa poenika C.C.M. saged njamboeti para warganipoen lamph tjitjilan dangoe-dangoenipoen 10 woelan sah. Poen Djarwa namoeng ndérék bingah lan mongkog. Benoeman.

MANTJA NAGARI.

Prakawis Mandsjoerij. Bokmanawi wonten salah satoenggingil prijantoen ingkang ngoenandika makaten: "Dek bijen katé kaja ana pendjaloké Volkenbond, nek Djepang sadoeroengé tg. 16 Nopèmber '31 koedoe wis ngendoeraké wadya - balané. Lan jèn ora kelakon, Volkenbond bakal nindakaké dijadan. Nanging dek semana tg. 16. Nop. wis kliwat lan wadya-bala Djepang kok isih groedag-groedog wae! Déné Volkenbond ake kok ora kroengoe oléhé nindakaké dijadan. Nek ngono Djepang apa ambaléla marang Volkenbond lan Volkenbond ndjoer ngalahi wae apa ngono?" Poenika kataranganipoen makaten: rasoloesi Volkenbond ingkang saged ngwontenaken koewadjan, poenika kedah sampoen angsal moepakatipoen sadaja wewakil. Mangka kala semanten Djepang boten poooeren néken. Dados paneda Volkenbond waoe namoeng woedjoed oesoel tok. Volkenbondsraad ingkang kapatah mrenata prakawis Mandsjoerij sapoenika sampoen bibar, margi rasoloesinipoen (poetosan) sampoen dipoenmoepakati ing sadaja wewakil. Namoeng kémawon toemrapipoen paragraaf 2 Djepang gadah panganjang, lan Tiongkok mrostet dateng panganjang waoe, kados ingkang sampoen kaseboetaken ing Sw.Tm. minggoe kapengker. Nanging pengkasaning rembag Djepang lan Tiongkok sami néken rasoloesi: déné paragraaf 2 boten dipoenwahi. Paragraaf poenika soeraoipoen makaten: "Soemerop, jèn lélémpahan ingkang kélémpahan wiwit toemapakat Raad tg. 24 Oktober, saja nadara. Parepatan sami moepakat, soepados golongan kalih - kalihipoen sami nindakna poenapa kémawon kanggé ngalang-alangi sangeting kawontenanipoen; lan malih kalih - kalih ipoen sampoen sami nindakakén poeapa-poenapa ingkang saged nroesaken pepurangan lan nelas-nelasaken tjang. Dados sapoenika prakawis Mandsjoerij poenapa sampoen nama loelang sajektos. O. deréng! Awit rasoloesi waoe namoeng ngabani: "Mandeg! Adja mrémèn - mrémèn!" Djan mratananipoen prakawis, poenika dipoenparahaken dateng Djepang—Tiongkok pijambak. Ing rikoe tjeta, jèn Tiongkok kawon. Amila rasoloesinipoen Volkenbond waoe boten maremaken dateng kalangan-kalangan opisijil ing Tiongkok. Nanging kados-poendi malih! Tijang sete-

ngah kepeksa, margi roemaos ringkih! Djepang ing riki leres menang, nanging menangipoen waoe boten oeroeb kalijan korbanipoen. Awit groedag-groedoging wadya-balanipoen ing Mandsjoerij waoe rak inggih nelasaken wragad katab sanget. Kadjawi poenika peken Tiongkok sapoenika sampoen boten ngeblak kanggé barang Djepang. Lan malih Mandsjoerij inggih taksih réwél, dados temtoenipoen inggih taksih neda wragad malih. Mangka ékonomi lan finansinipoen samatiké sampoen boten njenengaken! Tandaniipoen jèn korat-karit: Djepang nilar ladjer kentjana (gouden standaard). Bakda réken-tékenan rasoloesi kaseboet sapoenika kawontenanipoen ing Mandsjoerij pijambak kados-poendi? — Inggih taksih oedreg-oedregan! Wadya-bala wadya-bala sami dipoenigoehaken mrika-mriki. Jèn maos tilgram-tilgram asal saking Tiongkok, Djepang katingal ngadjak perang; tjang mawi ngedjoji poenapa; malah wadya-bala Djepang sampoen dipoenkén medali oetawi dipoenkerigaken kanggé ngajoni. Nanging poenika waoe sadaja, manoe tilgram-tilgram saking Djepang, kanggé nangoelang bandiet oetawi wadya-bala Tionghoa, ingkang badé nglabrae tjang Djepang. Kita Moekden lan Tsientsjow sapoenika saweg dados pandenganipoen para militèr. Poenapa Tiongkok jektos badé ngajoni, kilap! Namoeng kémawon margi lèrehipoen Tsijang Kai Sjek, Tiongkok (wadya bala Tionghwa) kétéjalan tetidih peng-pengan. Tsijang Kai Sek manawi medali kalijan wadya balanipoen, déréng naté kawon! Badé kados poendi - kados poendi, tindakiwoen Tsijang Kai Sjek njélahaken kleng-gahanipoen pangarsa poenika pantes kaalem, awit ingkang dipoenangkah namoeng kempléwing Tiongkok (Nanking kalijan Kanton dados satoenggak), lan margi poenika njantosakaken Tiongkok. Nanging poenapa badé santosa jektos, kilap! Salebeting éroe-ara kados makaten wonten tjang saggolongan ageng ingkang manggih begdja sadjat. Awit ing provincie Kwantoeng satjelaking passisir wonten doesoer satoenggak ingkang tjangjipoen sadaja sami mlebet dados Katoeilik. Ingkang sampoen dipoenbabis wonten 153; déné ingkang saweg dipoenwoelang wonten 100. VATICAN. Aneta - Reuter martosaken jèn bibliotheek Vatican ingkang sampoen kasewoer i.p. ijasanipoen K. S. Bapa Sixtoes V, kala t. 1588, wonten loténg tiga ingkang ambeg-

FIRMA - MERDEKA. DJOKJAKARTA.

Toko Merdeka pindah tempat di Ngabéan straat Djokja dan ada tanda plank, Bultzakenfabriek "MERDEKA".

Table with 6 columns: No., oekoeran, harga, cont., f 80,-, f 71,-, f 65,-, f 60,-, f 52,50, f 50,-, f 27,50.

Table with 6 columns: No., oekoeran, harga, cont., f 70,-, f 65,-, f 55,-, f 46,-, f 45,50, f 25,-.

Djoega sedia meubel jang kwaliteitnja paling baik dan barang di saia poenja toko boleh di njatakan sendiri, tidak ada concurentie jang bisa melawan harga dan kwaliteitnja. Hormat kita Eiq. R. A. SASTRODIHARJ...

Manoet seratipoen Ir. Soekarna ingkang Mr. Sartono, pijambakipoen anggènan medal saking pakoendjaran béndjing is 31 Dec. ing wantji éndjing. Soekarna trijos, bilih sampoen dipoeni déning sdr. Thamrin ingkang san- ièn ing poendi-poendi dipoenwonteni perloe metoek pijambakipoen. Ingkang me aten poenika Ir. Soekarna ngaoesi nanging margi saweg djaman mlését prajogi boten katindakaken kémawon. Hypotheek sitinipoen tjang priboemi. Hypotheek poenika bangsaning gantosan. Hypotheekbank poenika bank limrahipoen gadahaning Naamlooze Vennootschap, ingkang ngedakalen pandbrieven (serat gantosan). Pandbrieven waoe kalintokaken jatra, dados kados déné serat sambotetan makaten, nanging kénging kalijeraken. Ing serat ngrie- bank sagah njoeani sareman. Jatra kang katampi ing bank ladjeng kasama- nken dateng tjang sanés, nanging mawi ngelan barang ingkang mandok (onroe- a goed), siti lsp. arénéh wonten pitakénan poenapa siti bhandjanipoen tjang priboemi kénging kale- ken hypothek, mila Professor Van Gel- ning pangangening Central Kantoer Sta- stiek mirksa bab kawontenaning pranatan anggantosaken ing doesoer. Ingkang katjubi roemijin inggih poenika ing doesoer bawah Loemadjang, awit ing rikoe katab tjang priboemi ingkang ang- ipoen tetanen kanggé dagangan, makaten ing bawah Malang, awit katab tjang- iropah ingkang anggènipoen tetanen kanggé dagangan. Programma Congres Indonesia Raja. Béndjing 1 — 3 Djanoewari 1932 ing Soe- baha badé dipoenwonteni Congres Indone- sia Raja. Wondéné programipoen: Djoemoewah 1 Djanoewari djam 9 sonten: receptie. Setoe 2 Djanoewari djam 9 éndjing: pa- repatan toetoeapan. agenda: 1. Verslag Boedi-Oetama lan Pasoendan bab nemtokaken swara. Neda mlebetipoen Partij Celebes, Neda mlebetipoen Tirtajasa. Milih voorzitter lan secretaris Madjelis mbangan. Bab sanés-sanésipoen: 8 sonten: parepatan blak-blakan. end: Sesorah pamboeknanipoen Voorzitter jelis. mbangan. Praeadvies: Wewangoenaning Congres

Kalebet nggoemoenaken déné ing woelan December poenika kadjawi K. G. P. A. A. Pakoe - Alam mèngeti anggènipoen ngasta pradja sampoen 25 taoen, Adikarta oegi pinéngetan anggènipoen dados bawah Pa- koe - Alam sampoen 100 taoen. Toemrap Adikarta dinten waoe dawah 23 December 1931. Satoes taoen kapengker dadosipoen taoen 1831, inggih poenika taoen bakda perang Dipanegaran (1825 — 1830) sareng ing poendi-poendi prasasat sampoen tentrem. Locala Comité Soerakarta. Kala tg. 15/16 Narpawandawa éstoe ngawontenaken pepanggihan kalijan kempalan-pakempalan politik Soerakarta (B.O., Darah Mangkoengaran, P. P. K. D. lan P. K. C., déné P.B.I. déréng katoet, kabekta poetosan verp. nalika wiwit ngrembag bab poenika, P.B.I. déréng madeg) perloe badé nggesangaken Locala Comité ingkang sam- poen madeg kala taoen 1918 (kadadosan saking Narpawandawa, B.O. lan S.I., toedjoenipoen: ngrembag sesarengan kabeta- aning kawoela Soerakarta ingkang oemoem-). Wonten ing pamboeka pandienengnipoen Kangdjeng Pangéran Hadwidiaia, ngandi- kakaken toewaning pangalih déné P.S.I.I. boten toemoet, ingkang manoe trijosipoen bab poenika tjengkah lan sembojan P.S.I.I. "non-coöperation". "Locala Comité" éstoe madeg, ladjeng ndapoek voorloopig bestuur i. p. K. P. H. Woerjaningrat (pangarsa) lan sad. Soewedá (panitra) ingkang ladjeng kapasrahan ngran- tjang Statuten. E, dados kawoela Soerakarta poenika kirang karembag ing paréntah Soerakarta? "Journalistiek ing Soerakarta". Kedjawi persbureau "AWAS" samangké ing Soerakarta mbabar koran nama "Bintang

Benoeman. Rama Koch kabanoem dados Rector ing Noviciaat Gri-sonta, ladjeng ingkang nggentosi dados Pastoer ing Soerakarta: Rama Hagdorn. Ingkang nggentosi Rama Hagdorn dados Pastoer ing Ngajodja: Rama Rietra. Kita ngatoeraken proficiat.